ZIMBABWE SCHOOL EXAMINATIONS COUNCIL

General Certificate of Education Ordinary Level

SHONA 4007/1

PAPER 1 Rondedzero neNzwisiso

SPECIMEN PAPER Maawa maviri

Additional materials:

Answer paper

NGUVA: Maawa maviri

RAYIRO KUVANYORI VEBVUNZO

Uchapiwa mapepa okunyorera mhinduro dzako.

Nyora zita rako, nhamba yenzvimbo yauri kunyorera nenhamba yako yawakapiwa somunyori papepa roga roga remhinduro rawashandisa.

Pindura mibvunzo **yose**.

Mibvunzo yose inofanira kupindurwa ne**ChiShona** chete.

Ukashandisa mapepa anodarika rimwe, asunganidze pamwe chete.

ZIVISO KUVANYORI VEBVUNZO

Zvibodzwa zvakapiwa muzvikomberedzo izvi ( ) pamagumo pechidimbu chemubvunzo, uye Izvi [ ] panoperera mubvunzo woga woga.

Bvunzo ino yakanyorerwa pamapeji matanhatu nemaviri asina kunyorwa chinhu.

Copyright: Zimbabwe School Examinations Council, Specimen Paper.

©ZIMSEC SPECIMEN PAPER


[Enda kuseri

CHIKAMU I: RONDEDZERO

Zvichakubatsira kuti upedze **awa imwe chete** pachikamu chino.

Sarudza musoro **mumwe chete** pane yose yakapiwa. Ugonyora rondedzero yemhando yawasarudza nemazwi ari pakati pe**450 ne500** kana kusvitsa mapeji **mana**.

1 **(a)** Girafu rakanyorwa pazasi apo rinoratidza basa rokupfuya nguruve rakatangwa nevana vepaChemugodo Secondary School. Girafu rinoratidza huwandu hwenguruve dzavakatengesa mukati memakore matanhatu kubva pavatanga fomu yokutanga kusvika fomu yechitanhatu vachipedza dzidzo yavo. Ita sokuti ndiwe mukuru weboka rekupfuya nguruve iri pachikoro apa, ugonyora mhan'aro (ripoti) kumupepeti wepepanhau reKwayedza pachikamu chezvekurima uchitsanangura mashandiro amakaita pabasa iri kubva muchitanga kusvika muchipedza, muchizorisiira vanotevera shure kwenyu.



[50]

(b) Nyora nyaya inodudzira tsumo yokuti, "Chenga ose manhanga hapana risina mhodzi." [50]

(c) Wakokwa semuenzi anoremekedzwa pamabiko ekuonekana nevana vepachikoro pawakambodzidza vava kupedza chikoro. Chinyora mashoko auchataura pagungano iri uchipa vana ava chenjedzo nesimbiso zvinozovabatsira munyika mavava kupinda. [50]

(d) Nyora tsamba kuMumiriri weDunhu renyu muparamende yokuvazivisa rubatsiro rungapiwa avo vanorarama nekurima vachidiridza kuti mabasa avo anyatsobudirira. [50]

(e) Nyora hurukuro pakati pevasikana vaviri vari kukakavadzana pamusoro pekukosha kwatete mumhuri. Mumwe anoti, tete vakakosha mumhuri mumwe achiti, vanatete vemazuva ano ndidzo dzave mhutse/mharadzi. [50]

(f) Nyora rondedzero inopera namazwi anotevera, "Kubva zuva iri handina kuzoda kufamba usiku zvakare." [50]

(g) Zvakakoshera kurarama netariro kana une hutachiona hwemukondombera. [50]

CHIKAMU II: NZWISISO NEPFUPISO

2 Nyatsoverenga nyaya inotevera ugopindura mibvunzo yose inoitevera neChiShona chakanaka.

Ndinodavira kuti akanga ava kurwadziwa zvakanyanya apo akataura zvakare neizwi raishoshoma. Ndakanzwira mumwe wangu tsitsi ndikamugumbatira. Mukoma Gaba akaramba achitaura asi pari zvino akanga asisaiti musere kwete. Aiva okurukura mashoko akadzama. Mazwi esungano yedu. Matama aizivikanwa nevapenyu navafi vose veZimbabwe. Aiedza kundikomekedza kwazvo.

Mashoko ake handifi ndakaakanganwa kusvikira murufu nokuti imbuva youpenyu hwangu. Akati, "Chionaika Mukoma Shingirirai, ini ndava kukusiyirai basa rakakosha kwazvo. Basa rokusunungura Zimbabwe. Mushando unorema samare, asika zviuya zvisiyiranwa. Ini ndavakunosangana namagamba ari kumhepo. Saka iwe wochiramba uchipfuudzira zvido zvoruzhinji mberi. Kwete zvido zvako iwe kana kuti zvomuvengi.

Viva Zimbabwe!
Pamberi nokushinga!
Pamberi nechimurenga!
Pasi nevasvetasimba!

"Dai waro, Mukoma Tino, mangopinda muZimbabwe itsva musina kutengesa zvido zvavanhu. Ini ndinodada nokuti ndafa ndichirema segomo rino iri ratiri. Zvino kana iwe ukatengesa Zimbabwe kuvavengi, uchapepereka sebepa chairo. Usaita chivhundukamapete hana yegonzo. Usatsva guni somutakura. Mbuya Nehanda uye magamba mazhinji akafa achirwa. Nhasi ini ndafa ndichirwisa muvengi. Ko, iwewo, nhai Komuredhi Tino…too…nga?" Akandandama achizviruma rurimi. Akandibata zvine simba, akandidana zvakare, "Komu… Shi… ngi… ri… ra… i Ti… no… to…to…nga Zi… mba…bwe." Simba rakapera, akafema katatu, ndiye zi-i akadaro, nokuti mweya wakanga wabuda maari.

Ndakasara ndichijohonywa-johonywa nokubaiwa-baiwa nemazwi okupedzisira akanga achangobva mukutaurwa naMukoma Gaba. Ndakatangisa kutaura neshamwari yangu yandainyatsoziva kuti yatova mushakabvu. "Chinzwaka **Comrade** Gabarinocheka, nemi tateguru murere apo, ini ndinotsidzira, pamberi penyu kuti ndichapfuudzira mberi zvido zvemhomho yeZimbabwe. Imi zororai zvenyu murugare. Ndicharwa sasahwira wangu uyo akati kwati kumadziro uyo."

Iyo shato yacho kana kumboita zvayo hanya neni, inenge yakanga yatokotsira zvayo sezvo yaiva ichangobva mukusvusvura kwayo. "Ini ndicharamba ndakashingirira kusvikira tatonga Zimbabwe." Ndakaradzika shamwari yangu zvakanaka ndikaita zvose zvinodikanwa pakuchengeta murwi. Ndakambobuda panze ndichida kumema nokushora kuti kunze kuri sei. Pandakangoona chete kuti kwakafura mhepo ndakabva ndatora zvombo zvangu uye zvaGaba ndokusiya ndapfiga bako riya.

Ndaida kupoya nhambo dziripo, ndiyo mhaka ndakakambaira ndichidzika negomo racho.Ini ndaizviziva kuti magora haabvi pane nyama. Ndaizviziva kuti kana kwangoedza chete masoja aizonzvera gomo rose achivhima zvitunha zvedu. Kana vaiwana mutumbi wemu**Comrade**, zvechokwadi, vaipembera nemisha yose. Chete musi mumwe gava rachadimbura musungo. Pose pandaifamba apa ndaive ndakazarirwa neshungu kuti shutu. Somurwi ndaifanira kuputsira shungu muzviito kwete mumisodzi. Sezvo kwaiva nemhindo, ndaingopuvirawo murimamo. Ndava kumucheto kwegomo ndakagumburwa ndikarovera paruware, izvo zvakavhundutsa masoja aiva ari seri kwedombo raiva pedyo napandakawira. Tochi yavavengi yakasanganidzana nedhongi raitozvirovera zvaro mutsindo pasi richizvidyira mazhanje aro, seri kwedombo. "A, idhongi nhai! Ngatidzokerei zvedu." Ndakakwenya mhino nakasiyanwa. Masoja akadzokera panzvimbo asiwo ndakanga ndanzwa nokutukirirwa.

Kana ndiri seni ndakasvotwa zviya zvokusvotwa, ndikabitirirwa nehasha. Pfungwa dzorufu rwavamwe vangu uye mazwi aMukoma Gaba, zvakandipa chivindi chinenge cheshumbakadzi yatorerwa vana vayo, ndikaita zvisionekwi. Ndakazvongonyoka semhungu ndakananga kuvavengi vangu. Ndaida kundoshora usavi hwangu.

"Vakanga vakatungidza kamwenje. Ndakaverenga ndikaona sokunge paiva navarume gumi navaviri. Aiwa kani, seri ikoko zvikara zvakanga zvakapura nyemba nomusana. Varume ava vakanga vakarasa muswe. Hwakanga huri huchi hwadonhera pamuromo. Vamwe vaviri ndivo vaivhura magaba. Ndinodavira kuti akanga ari ebhifi nokuti munhuwi wacho wakanditi kape mumhino mangu. Dai paiva norufaro ndaidai ndakananzvira nokuti ndakanga ndakwana nenzara."

(Yakanhadzurudzwa kubva muna **Zvaida Kushinga** rakanyorwa na**C.S. Makari**)

(a) Nyaya iyi iri pamusoro penguva ipi munyika yeZimbabwe? (1)

(b) Kubva pamatauriro aMukoma Gaba, chii chinoratidza kuti vainge vava kutandadza? (1)

[Enda kuseri

(c) Doma izwi rakashandiswa mundima rinoreva munhu akafa. (1)

(d) Chii chiri kunzi naShingirirai sahwira wake ari kumadziro, mubako maaiva? (1)

(e) Shingirirai anorevei kana achiti mashoko aive mbuva youpenyu hwake? (2)

(f) Tsanangura zvinhu zviviri zvakapa Shingirirai chivindi chinenge cheshumbakadzi. (2)

(g) Kutengesa Zimbabwe kwaitaurwa kwaiva kuita sei? (2)

(h) Tsanangura ndevo dzinotevera sokushandiswa kwadzakaitwa munyaya yawaverenga.

(i) Zviuya zvisiyiranwa. (2)

(ii) Ndafa ndichirema segomo rino iri ratiri. (2)

(iii) Sezvo yaiva ichangobva mukusvusvura kwayo. (2)

(iv) Kwakafura mhepo. (2)

(v) Magora haabvi pane nyama. (2)

(i) Nyora pfupiso yenyaya iyi nemazwi ako asingapfuuri **makumi mashanu**. (10)

[30]

BLANK PAGE

BLANK PAGE